

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana dadaran di bab saméméhna, aya opat hal nu bisa dicindekeun nu aya patalina jeung upacara adat Ngalungsur Pusaka di Kampung Godog Makam Désa Lebak Agung Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut, nya éta (1) sajarah upacara adat Ngalungsur Pusaka, (2) prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka, (3) ulikan sémiotik anu nyampak dina upacara adat Ngalungsur Pusaka, sarta (4) larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya kelas XII di SMA. Sangkan leuwih jéntré dicindekeun dina pedaran ieu di handap.

Jalma nu mimiti ngayakeun upacara adat Ngalungsur Pusaka téh nya éta Éyang Pager Jaya tuluy dirundaykeun ka rundayanana nepi kiwari. Ngeunaan iraha mimitina diayakeun ieu upacara, teu kapanggih data nu pasti. Nurutkeun sumber nu sumebar sacara lisan mah, ieu upacara adat mimiti diayakeun dikira-kira sanggeus Syech Rohmat Suci atawa Prabu Kiansantang tilar dunya, dina taun 1545 Maséhi atawa taun 849 Hijriah.

Prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka kabagi jadi tilu tahap nya éta tahap saméméh upacara lumangsung (tahap tatahar), prak-prakan upacara, jeung sabada upacara. Dina tahap tatahar atawa saméméh upacara adat Ngalungsur Pusaka biasana sok diayakeun musawarah pikeun nangtukeun kapanitiaan, waragad, ngabéwarakeun, jeung nyiapkeun sagala rupa kaperluan anu diperlukeun dina prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka. Ari dina prak-prakanana upacara adat Ngalungsur Pusaka kabagi deui jadi dua tahap. Tahap kahiji nya éta dina tanggal 13 Mulud, diayakeun acara muludan, jarah ka makam Séh Sunan Rohmat Suci, ngalungsurkeun pusaka tina kandaga, pawéy obor, jeung dipungkas ku neundeun barang pusaka di masjid.

Dina tahap kadua nya éta dina tanggal 14 Mulud, dituluykeun deui ku acara mawa barang pusaka ti masjid ka paséban, mapag abringan nu mawa barang

pusaka, pamapag, nyampurkeun cai ti tilu cinyusu, ngabersihan barang pusaka, majangkeun barang pusaka, jeung dipungkas ku ngampihkeun deui barang pusaka kana tempatna (kandaga). Sanggeus sakabéh runtulan upacara adat Ngalungsur Pusaka réngsé, sakabéh masarakat nu rawuh dina upacara adat Ngalungsur Pusaka marebutkeun cai urut ngabersihan barang pusaka jeung ngalaksanakeun sunatan masal. Cai urut ngabersihan barang pusaka dipercaya ku sakabéh masarakat saupama diinum bisa ngubaran sagala rupa panyakit jeung saupama dipaké bisa miboga mangpaat nu hade. Sedengkeun diayakeun sunatan masal, mangrupa tradisi nu turun-tinurun ti karuhun, jeung mangrupa pangajén ka Séh Sunan Rohmat Suci, nalika nyumebarkeun agama Islam anjeunna sorangan nu nyunatan jalma nu asup Islam (mu'alaft) di jaman harita.

Panalungtikan ngeunaan unsur sémiotik nu aya dina upacara adat Ngalungsur Pusaka di Kampung Godog Makam, kapanggih dina prak-prakan jeung sakabéh kalengkepan dina upacara adat Ngalungsur Pusaka. upacara, dina tujuanna dilaksanakeun pikeun ngamumulé jeung ngariksa barang pusaka tittingal ti Syech Rohmat Suci atawa Prabu Kiansantang, salian ti éta salaku pangajén jeung panghormat ka Prabu Kiansantang, nu salila hirupna ngahirupkumbuhkeun agama Islam di tatar Sunda, hususna di Kampung Godog Makam.

Dumasar kana hasil wawancara jeung sesepuh sarta pihak anu milu rawuh dina upacara adat Ngalungsur Pusaka. Sakabéh unsur sémiotik nu nyangkaruk dina upacara adat Ngalungsur Pusaka kapanggih dina tempat upacara ngalungsur, waktu lumangsungna upacara adat ngalungsur pusaka, prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka, jeung kalengkepan upacara adat Ngalungsur Pusaka, nu miboga harti sewang-sewangan.

Ulikan ngeunaan unsur sémiotik anu digunakeun luyu jeung tiori sémiotik Charles Sanders Peirce anu ngawengku ikon, indeks, jeung simbol. Hasil panalungtikan ngeunaan unsur sémiotik nu kapanggih dina upacara adat Ngalungsur Pusaka, kapanggih aya 47, di antarana 11 *ikon*, nyaéta bakakak hayam, beuleum lauk, cau emas, iket, jolang, kandaga, kuncén, léngsér, muludan, obor, paséban, jeung payung agung. 17 *indeks*, nyaéta awi sabuku, dahar babarengan, hadoroh, majangkeun barang pusaka, macakeun du'a, mintonkeun

seni rudat, minyak kobra, ngabersihan barang pusaka, ngampihkeun barang pusaka, ngalungsurkeun barang pusaka, *parsel* bungbuahan, parebut cai urut ngabersihan barang pusaka, samping kebat, solawatan, sora nu ngadu'a, sora tatabeuhan, jeung waditra, jeung 19 *simbol*, nyaéta pawéy obor, cai kahuripan, cai kajayaan, cai kawedukan, congcot konéng, duit bénggol, iket, jubah héjo, pangsi bodas, keris, kopéah bodas, masarakat, nyampurkeun cai tilu cinyusu, nyeungeut obor, pangsi hideung, payung agung, ranté, samping, jeung sorban héjo.

Hasil panalungtikan ngeunaan unsur sémiotik dina upacara adat Ngalungsur Pusaka di Kampung Godog Makam Désa Lebak Agung Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut. Bisa dijadikeun bahan dina pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan, aya sawatara saran pikeun lajuning laku ieu panalungtikan. Dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban kana pangaweruh masarakat ngeunaan tradisi nu aya di tatar Sunda. Sangkan ieu upacara adat Ngalungsur Pusaka teu tumpur, aya sababraha rékoméndasi ti panalungtik di anatarana pikeun pihak-pihak nu ditataan ieu di handap.

1) Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Kabupatén Garut

Pikeun dinas pariwisata jeung kabudayaan Kabupatén Garut, salaku instansi pamaréntah dina widang kabudayaan, dipiharep leuwih merhatikeun deui sarta ngarojong kana sagala panalungtikan ngeunaan kabudayaan di Kabupatén Garut. Sabab kabudayaan di Kabupatén Garut mangrupa asét salah sahiji asét anu nguntungkeun pikeun daerah Kabupatén Garut. Salah sahijina ngeunaan upacara adat Ngalungsur Pusaka nu ayana di Kampung Godog Makam.

2) Lembaga Pendidikan

Pikeun lembaga pendidikan dipiharep bisa nambahna pangaweruh pikeun ngamekarkeun bahan pangajaran maca. Salah sahijina ku cara ngasupkeun unsur sémiotik dina upacara Ngalungsur Pusaka.

3) Budayawan

Pikeun budayawan, salaku pihak nu miboga jasa dina widang kabudayaan dipiharep dina panalungtikan ngeunaan upacara adat Ngalungsur Pusaka, nu ngaguar ngeunaan unsur sémiotik bisa ngalengkepan data budyawan ngeunaan kabudayaan nu can kaguar.

4) Mahasiswa

Pikeun mahasiswa dipiharrep Upacara Adat Ngalungsur Pusaka bisa ditalungtik leuwih jero deui jeung leuwih husus, sangkan kaguar deui hal-hal séjénna.

5) Masarakat Umum

Pikeun masarakat umum ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salah sahiji sarana pikeun masarakat umum, sangkan bisa leuwih jembar dina mikawanoh ngeunaan upacara adat Ngalungsur Pusaka. Salian ti éta masarakat dipiharep bisa leuwih maliré jeung ngariksa kana sakabéh kabudayaan titinggal ti karuhunna, hususna dina kabudayaan Sunda.